

## Mas 2023

### Deplwaman Deklarasyon sou Politik DEI a

#### Ann avan

Cummings Centre, ki se yon lidè nan domèn vyeyisman nòmal, se yon òganizasyon kominotè ki baze sou enskripsyon ki pa gen objektif pou fè lajan ki sitiye nan Montréal, Quebec, k ap sèvi yon popilasyon ki gen 50 lane oswa plis. Nan objektif pou reponn ak bezwen gwooup domografik sa k ap chanje yo ak pou apiye sou pasyon ak divèsite volontè li yo, manm li yo, donatè li yo ansanm ak gwooup travay li a, Cummings Centre, nan kad Rafechisman Plan Estratejik li a, te adopte yon apwòch milti-dimansyonèl pou li kapab abòde kesyon divèsite, ekite ak enklizyon ansanm ak apatenans nan tout fasèt òganizasyon an.

Nan objektif pou apiye valè li yo pou fè avanse efò DEI Centre a, yo te kreye yon Gwooup Travay sou Divèsitem Ekite ak Enklizyon sou direksyon Konsèy Administrasyon an. Sou baz sa a, yo te elabore deklarasyon sou Politik DEI a sou baz kòmantè yon seri gwooup deba ansanm ak Konsèy Administrasyon an.

#### Deklarasyon

*Cummings Jewish Centre for Seniors pran angajman pou l kreye yon òganizasyon enklizif kote tout moun santi yo retwouve yo ladan l epi yo gen aksè egal ak tout opòtinite ak avansman. Nou se yon òganizasyon ki ankouraje e valorize divèsite. Nou akeyi e respekte tout moun san n pa fè diskriminasyon sou ras, relijon, etnisite, laj, estati sosyo-ekonomik, lang, oryantasyon seksyèl, idantite seksyèl, andikap, oswa nenpòt lòt faktè. Nou p ap tolere diskriminasyon sou okenn fòm. Ansanm, n ap lite pou n rive konstwi yon killi enklizif ki ankouraje, sipòte, epi ki sleebre divès opinyon anplwaye, volonté, manm, ansanm ak kliyan nou yo.*

*Angajman nou nan enklizyon pral reflete nan politik ak pwosedi òganizasyonèl nou yo, nan pratik anplwa nou yo, nan plan estratejik nou an, nan objektif òganizasyonèl nou yo epi yo manifeste nan divès powgram nou yo ak afektasyon resous nou yo.*

**\*Valè Cummings Centre yo se: Respè, diyite, divèsite, ekite, enklizyon, responsabilizasyon, ekselans, konpasyon, ansanm ak angajman**

#### Yon koudèy sou lavni- Angajman nou nan DEI

1. Aliyen ni Resous Imen ak Finansyè yo pou sipòte meyè pratik yo
2. Founi opòtinite pou Fòmasyon ak Developman Pwofesyonèl
3. Priyorize Divèsifikasyon Gouvènans
4. Amelyore Aksesibilite- Egzaminen epi aplike meyè pratik pou aksesibilite yo tankou: etablisman Centre la, platfòm teknologik ak platfòm kominikasyon yo

#### **Akonplisman jiska prezan**

1. Te dirije yon seri Gwooup Deba ki gen ladan yo patnè kominotè ansanm ak òganizasyon kominotè ak anplwaye\*\*

2. **Te elaji chan rekritman an** pou favorize yon gwoup travay ki plis divèrsifye ki reflete divès laj, kilti, kapasite, idantite seksyèl, lang differan pou reprezante divèsite kliyan nou vle sèvi yo
3. **Te Ogmangte aksesiblite** pou adilt ki gen 50 lane oswa plis ki pale Fransè ak Ris yo gras ak tradiksyon similtane nan pwogram yo
4. **Te rann nou pi aksesib pou frankofòn** yo pandan nou te ogmante depans Medya Fransè nou yo epi nou devlope rezo nou an nan divès Tab Konsiltasyon ansanm ak gwoup Sefaradik epi nou eksplwate yo
5. **Te devlope patenarya** avèk òganizasyon ki reflete kominote *LGBTG+, entè-relijye, divèsite kiltirèl, enklizyon andikap ansanm ak kominote CDN lan.*
6. **Founi fòmasyon pou anplwaye ak volontè yo sou** meyè pratik DEI yo

*\*\* Gwoup Deba #1- Anglè (TIP OA, Gay and Grey, Atelye JE, Beth Tikvah Synagogue, rezidans B'nai Brith)*

*- Gwoup Deba #2- Fransè (Centraide, Université du Québec à Trois-Rivières, Maison de la culture Côte des Neiges de CDN, Centre des Ainés Côte-des-Neiges, Centre des Femmes du monde à Côte-des-Neiges, Club Ami, Fondation Émergence-défense des droits LGBTQ+, SPVM district 26, Santé publique de Montréal)*

*- Gwoup Deba #3- Anplwate ki soti nan tout depatman yo nan Centre a*